

**YON EVALYASYON SOUVERÈNTE
ALIMANTÈ: MASABYEL, AYITI
2025**

**Centre de Recherche Interdisciplinaire et de Valorisation des Savoirs sur
Haïti (CRIVASH)**

Marylynn Steckley, Walner Osna, Joshua Steckley, Magalie Civil, Peterson Derolus

Kontéks	3
Metodoloji.....	4
Rezilta	5
Enfòmasyon demografik	5
Sistèm alimantè, latè ak resous	6
Sekirite alimantè kominotè	9
Manje, politik ak pouvwa.....	11
Manje ek anviwonman	12
Bilan lasante	13
Rapò sosyal sèks ak manje	15
Kilti lamanjay	16
Kout je sou demen	17
Konklizsyon	18
Referans	20

KONTÉKS

Nan lane 2024, grangou nan peyi Dayiti te vin pi di, nan yon pwen gen moun ki di “se pi gwo kriz lamanjay listwa janm konnen” (Taylor, 2023). Plis pase yon milyon moun t ap mouri grangou (UN News, 2024). Daprè listwa, ensekirite lamanjay la chita kò li plis nan zòn riral yo, kote jouk jounen jodi a 45 % ayisyen ap viv la. Pwodiktè nan milye riral yo kontre plizyè difikilte – tankou Leta ki manke bourade yo, politik ajisteman estriktirèl ki kokobe pwodiksyon alimantè lokal sa ki lakoz nou gen depandans ak enpòtasyon alimantè, enfrastrikti malachong (irigasyon, transpò ak estokaj manje), epi tout konsekans chanjman klimatik yo tankou move tan — rann zafè ensekirite alimantè a pi grav toujou. Malgre difikilte sa yo, lagrikilti rete yon bon mwayen ki penmèt moun ann Ayiti viv epi fè pwovizyon ; li kontribiye pou ¼ PIB peyi a chak ane (World Bank Group, 2023; Berman and Kuperberg, 2024).

Gen yon nesosite pou gen yon repons ki pote sou ensekirite lamanjay la nan kriz Ayiti ap fè fas jounen jodi a, òganizasyon etranje yo kanpe tankou chèf ploton nan pote repons sila a. Epoutan, ONG yo ansanm ak ajans bilateral yo pa abitye byen jere èd yo, ni tou yo pa bay pi bon repons fas ak kriz yo (Edmonds, 2013 ; Ramachandran ak Walz, 2015 ; Schuller, 2016 ; Kushner, 2019 ; Abi-Habib, 2021). Pandan plizyè deseni, se ONG yo ki majò nan bay èd alimantè epi ki mete men nan zafè ensekirite alimantè (Schuller, 2017 ; Guillaume et al., 2023). Jefò ONG yo souvan apiye sou evalyasyon sekirite alimantè Leta ak entènasyonal la fè.

Pou pi klè, sekirite alimantè egziste se “lè tout moun kapab gen aksè fizik ak ekonomik ak manje ki rasazyè yo, ki sen epi ki nourri yo tou; nan tout moman — sa k ap penmèt yo reponn ak bezwen enèji yo epi preferans yo nan zafè lamanjay pou yo kapab mennen yon vi ki sen epi aktif” (FAO, 1996). Gen kat pilye ki ka defini sekirite alimantè: aksè, disponiblite, itilizasyon ak stabilite (FAO, 1996 ; Coates, 2013 ; Jones et al., 2013 ; Burchi ak De Muro, 2016 ; Scicchitano, 2019). Nan nivo mond lan, ONG ak gouvènman yo fè evalyasyon sekirite alimantè, yon fason pou evalye kantite kalori, nivo grangou, divèsite alimantè ak nitrisyon. Evalyasyon sa yo oryante pwogram devlopman yo, tankou èd alimantè yo, epi yo ka jwe wòl enpòtan nan detekte grangou ak lafen davans.

Se vre evalyasyon sekirite alimantè yo bay bon jan done, men yo kanmèm genyen gwo limit. Evalyasyon sa yo souvan neglije dinamik sosyal, istorik, politik ak dinamik rapò sosyal fanm ak gason (genre), lè fini yo pa konsidere eksperyans lokal ki lye ak defi alimantè kominote yo ni pwopozisyon solisyon kominote sa yo konn pote. Kritik yo fè konnen, evalyasyon sekirite alimantè pa totalman pran an kont kijan alimantasyon, latè, anviwonman, lasante, komès epi relasyon fanm/gason yo makonnen ansanm; e sa vin lakoz diferan eksperyans nan sistèm alimantè maske (Levkoe & Blay-Palmer, 2018 ; Burchi & De Muro, 2016 ; Coates, 2013). Daprè chèchè yo, yon apwòch ki depase kad tradisyonèl sekirite alimantè a, ki pi global, nesèsè (Haysom & Tawodzera, 2018 ; Loring & Gerlach, 2009 ; Kuhnlein et al., 2006). Anpil nan yo pwopoze pou evalyasyon sistèm alimantè yo ta entegre pèspektiv sosyo ekolojik yo (Ruiz-Almeida & Rivera-Ferre, 2019 ; Chappell et al., 2013), mannyè demokratik pou pran desizyon kote tout aktè lokal yo ap enplike (Tschersich & Kok, 2022 ; Candel, 2022 ; Canfield et al., 2021) epitou bon jan analiz ki pran an kont lasante, nitrisyon, aksè ak latè ak sistèm alimantè tradisyonèl yo (Jones et al., 2015 ; Alonso et al., 2018 ; Renzaho & Mellor, 2010). Souvrènte alimantè a konsidere tankou yon kad ki ranmase tout lyen sa yo (Levkoe & Blay-Palmer, 2018 ; Ruiz-Almeida & Rivera-Ferre, 2019 ; Morrison, 2011).


Evalyasyon souvrènte alimantè yo ofri yon pèspektiv pi laj pase sila sekirite alimantè yo. Nan lane 1996, mouvman mondyal peyizan ki rele Via Campesina a kreye apwòch souvrènte alimantè; ki li menm met aksan sou dwa popilasyon an genyen pou li aksede ak alimantasyon ki sen, ki apwopriye ak kilti li epi ki pwodui selon metòd dirab; li chita tou sou dwa popilasyon sila pou li defini pwòp sistèm alimantè li.

Deklarasyon Nyéléni (2007) an li menm, defini li tankou yon mouvman kont jan antrepriz yo mete lapat sou sistèm alimantè a, pandan y ap goumen anfavè yon ekonomi lokal, yon agrikilti peyizan ak yon komès transparan ki garanti revni ekitab ak dwa sou resous natirèl yo. Souvènte alimantè a vle pou relasyon sosyal yo san opresyon ni inegalite, pandan l ap soulinye anrasinman relasyon pouvwa yo nan sistèm alimantè a epi, pandan l ap goumen pou yon pwosesis desizyon demokratik k ap mennen nan kèk objektif tankou rediksyon povrete, amelyorasyon nitrisyon ak dirabilite anviwonmantal (Deklarasyon Nyéléni, 2007 ; Bernstein, 2014 ; Wittman, 2015).

Nan kontèks ayisyen an, nesite pou entegre pèspektiv ayisyen nan etablisman rapò sou sistèm alimantè a fè santi l chak jou pi plis; patikilyèman aspirasyon souvènte alimantè sosyete sivil la ak òganizasyon peyizan yo k ap defann souvènte alimantè depi plis pase dis lane yo, genyen (La Via Campesina, 2010 ; Haiti Libre, 2013 ; Steckley & Weis, 2017 ; PAPDA, 2021 ; Daniels, 2022). Rapò sila a pwopoze yon etid ka sou evalyasyon kominotè souvènte alimantè (FSA), ki reyalize nan ete 2024 la nan yon zòn ann Ayiti ki rele Massabielle. Rapò sa gen de gwo bout objektif: dokimante, bay yon apèsi sou resous, vilnerabilite ak aspirasyon ki gen rapò ak sistèm alimantè nan Massabielle ; epitou prezante etid ka sou mannyè ekip pa nou itilize zouti evalyasyon souvènte alimantè a, yon fason pou nou kapab pataje kontribisyon sa yo ki kapab itil ak rechèch, epi nan mizanplas rapò sou sistèm alimantè yo.


METODOLOJI

Rapò sa a pwopoze yon etid ka evalyasyon kominotè souvènte alimantè, ekip ki mennen etid la gen patnè kominotè ayisyen (n=30) ansanm ak chèchè ayisyen ak kanadyen (n=6). Sa ki te motive ekip rechèch nou an, se piblikasyon dokiman gouvènman ayisyen an Politik ak Estrateji Nasyonal Souvènte ak Sekirite alimantè ak Nitrisyon ann Ayiti (PNSSAHH an franse), nan lane 2018. PNSSANH la mande yon depasman apwòch ak evalyasyon sekirite alimantè yo (ki, istorikman, konsantre yo sou sifisans kalorik ak aksè ak lamanjay), epi priyorize yon angajman pou souvènte alimantè a. PNSSANH konsidere kèk kesyon ki pi laj toujou pase sistèm alimantè yo, paregzanp kijan kilti alimantè tradisyonèl la ak agrikilti peyizan an fondamantal pou kreye sistèm alimantè ki sen, k ap dire ekonomikman ak ekolojikman epi ki chita sou richès kilti Ayiti. Aprè divès atelye, ekip nou a konsewa kolektivman yon zouti evalyasyon souvènte alimantè¹; seksyon prensipal zouti sa a se enfòmasyon demografik, sistèm alimantè yo, aksè ak latè epi resous, kominote a, alimantasyon ak lasante, alimantasyon ak pouvwa, alimantasyon ak anviwonman, bilan lasante, sekirite alimantè, rapò pouvwa ant fanm ak gason, kilti alimantè ak vizyon pou demen.



¹ Pou yon prezantasyon pi detaye de zouti evalyasyon souvènte alimantè a, tankou enfòmasyon sou enfliyans li, devlopman li epi yon kout je global sou prensipal seksyon li yo, nou ka founi je gade nan Steckley et al., 2024. <https://www.icklhaiti.org/2025/03/03/yon-zouti-evalyasyon-rapide-souverente-alimante-a-ann-ayiti/>

Gras ak zouti souverènte alimantè nou a, nou mennen antretyen ant Jen ak Jiyè 2024 nan Masabyèl, yon ti vilaj izole ki akote rivyè Lenbe nan depatman Nò Ayiti. Tout patisipan yo (n=29) ba nou konsantman yo pou travay la fèt. Tout enfòmasyon antretyen yo anrejistre alamen nan ranplisaj kesyonè sou zouti souverènte alimantè a, aprè sa nou transkri yo nan yon vèsyon anliy zouti a ; yon fason pou pataje done yo ak tout manm ekip rechèch la. Analiz done yo te fèt alamen, epi yo te genyen ladan yo distribisyon frekans yo, kodaj repons kalitatif yo, an menm tan yon travay ki fèt apati kategorizasyon metatematik ki koresponn ak seksyon ki nan zouti souverènte alimantè a. (Wè seksyon ki mansyone pi wo a)



REZILTA





ENFÒMASYON DEMOGRAFIK

Patisipan nan etid nou an te gen ant 25 a 74 lane, epi antretyen yo te fèt ak 12 gason, 17 fanm. Pou nou chita nan kontèks la, an 2024, laj mwayen ak esperans lavi ann Ayiti, te 24 lane epi 65 lane. 97% patisipan yo fèt nan depatman Nò Ayiti (youm fèt nan depatman Latibonit), 27% t ap viv Masabyèl, 2 nan yo t ap viv nan Kan Kòk ak Lakil Jano. 45% nan patisipan yo te marye, 55% t ap viv nan plasaj². Pandan gen kèk moun ki te fè konnen plasaj se inyon ki fèt plis nan zòn riral ann Ayiti, fòk nou di, sa pa te reflete pami patisipan yo (Beverly Bell 2013, 22 ; Moral 1961, 172). Siyifikasyon sosyal sou distenksyon ant diferan tip relasyon entim ann Ayiti merite pou nou souliye tou. Pou espliche pi byen, maryaj legal gen tandans jwenn plis prestij sosyal, fanm ak pitit deyò yo souvan pa gen dwa sou eritaj nèg marye a.

Relasyon ki genyen nan mitan patnè entim yo gen gwo enflyans sou fason menaj (kay) yo konpoze, ki se yon dimansyon enpòtan nan evalyasyon ensekirite lamanjay ak sistèm menaj yo. Nan anpil kontèks, tankou Ayiti, souvan gen yon gwo eka nan mitan kantite pitit moun yo genyen ak kantite moun yo gen pou okipe. Pa egzanp, patisipan Masabyèl yo te gen an mwayèn 5,6 pitit men nan kay la te gen 8,8 moun. Yon lòt fason nou ka di, anviwon 9 moun nan yon kay t ap manje nan menm chodyè³. Te gen plis fanm tou pase gason nan kèk fanmi patisipan yo. Nan menaj patisipan yo te gen 140 fanm ak 119 gason.

² Tèm plasaj la konseptyèlman poze pwoblèm epi li dekri yon dividal relasyon ki pa ka fasilman kategorize. Tèm plasaj la (literalman « plase ») jwenn orijin li nan lesklavaj kolonyal la, lè jwenn manje te vrèman difisil, yo te bay kaptif yo kèk ti moso tè, souvan se tè ki izole, pou yo kapab kiltive, tè sa yo rele plasaviv (teren ravitayman). Moso tè sa yo te souvan majinal, epi se gason yo ki te konsidere kòm prensipal pwopriyetè teryen. Malgre sa, se souvan fanm yo ki fè prizanchaj tè a ak tout timoun yo pandan gason yo al travay nan chan kann yo. Se nan sans sa, yo di fanm yo « plase » sou tè a kòm gadyen (Moral, 1961 ; Nicholls, 1985). Aprè endepandans Ayiti an 1804, relasyon sa yo rapousib nan divès fòm. Daprè koutim nan, gason an gen responsablite pou li founi epi meble yon kay pou patnè yo ak pitit yo, epi sa te rive ase souvan yon gason ki gen plis resous ki plizyè moso tè, genyen plizyè relasyon plasaj tou. Gen kèk chèchè ki souliye nati poligam nan inyon gason ak fanm nan zòn riral Ayiti yo (Paul Farmer, 1998), gen lòt ki konsidere relasyon plasaj la tankou yon fòm inyon konjigal (Barbara de Salduondo & Jean Maxius Bernard 2013, 164), gen lòt ankò ki itilize tèm plasaj legal pou yo dekri maryaj sivil ki administre deyò do esntitasyon relijye (Accilien, 2008).

³ Genyen ki konsidere yon menaj/kay ann Ayiti se moun ki manje nan menm chodyè, olye moun k ap dòmi menm kote (Alvarez ak Muray, 1981).




Nan sa ki gen pou wè ak ledikasyon, anviwon 70 % patisipan yo te fè konnen yo fini lekòl primè, yon chif ki pi wo pase sa mwayèn nasyonal la ye, ki se anviwon 30 % (Haiti Now, 2017). 20 % nan patisipan yo deklare yo fini lekòl segondè, sa ki koresponn ak mwayèn nasyonal la. 10% nan patisipan yo pa te janm ale lekòl.

An gwo, agrikilti se prensipal aktivite sibzistans, 90 % patisipan yo deklare se sa ki prensipal aktivite ekonomik yo nan lane ki sot pase a. Yon moun nou te poze kesyon te fè konnen li se anseyan, yon lòt te deklare aktivite prensipal li se fè komès, yon lòt te esplike wòl prensipal li se okipe timoun. 62 % patisipan yo te deklare travay yo chanje selon sezon yo. Pa egzanp, gen patisipan ki te deklare “Lè sezon lapli rive mwen dwe fè lòt bagay”, epi ankò “Prensipal mwayen pou m siviv se agrikilti, men lè mwen pa fè li, sa konn rive mwen vann jounen nan sektè konstriksyon kay. Yon lòt nou te poze kesyon te esplike li fè komès men li te presize “Lè sezon plantasyon yo rive mwen kite ti aktivite mwen yo pou konsakre m nan agrikilti a.”

SISTÈM ALIMANTÈ, LATÈ AK RESOUS

Aksè ak latè ak propriyete fonsye ann Ayiti pwoblematik pou plizyè rezon. Pou kòmanse, aksè a bon kantite ak kalite tè limite: 41% patisipan Masabyèl yo deklare yo gen difikilte pou yo jwenn tè, youn nan yo esplike « Majorite popilasyon lokal la pa gen aksè ak tè ». Pami sila ki gen tè yo, anpil ap lite ak plizyè ti moso tè ki souvan separe youn ak lòt: posede plizyè teren ki pa menm kote se bagay wap jwenn anpil ann Ayiti. Nan etid nou an, kèk patisipan (n=8) pa te an mezi di ki sipèfisi tè yo paske yo te genyen plizyè moso plizyè kote epi teren yo pa te janm mezire fòmèlman. Jan youn nan patisipan yo te di « M pa konn konbyen mwen genyen. Mwen gen plizyè moso tè. ». Pami sila yo ki te ka dekri gwosè teren yo, pwopriyete fonsye sa yo te



ant 7,84 ak 20,39 kawo⁴, sa ki preske koresponn ak yon ankèt Bank Mondyal ki te rapòte pwopriyete fonsye mezire an mwayèn 13,2 kawo ann Ayiti (Joseph *et al.*, 2023). Nan nivo nasyonal, anviwon 50% agrikiltè posede mwens pase yon 0,31 kawo, sèlman 20 % nan yo posede plis pase 0.94 kawo tè (Joseph *et al.*, 2023).

Pou sila yo ki te deklare yo posede tè, anpil nan pwopriyete sa yo se eksplwatasyon enfòmèl. Lòt fason pou di, laplipa abitan nan zòn rural yo gen dwa koutimye, men yo pa gen dwa legal sou moso tè a. Rejim fonsye enfòmèl yo fè li konplike pou patisipan yo endike sipèfisi teren yo. Pa egzanp, yon patisipan deklare: “mwen paka di nou ojis kantite tè mwen genyen paske pa gen papye tè epi nou pa gen apantè-jewomèt.” Ayiti pa gen yon sistèm fonsye konplè, e se sèlman anviwon 5 % tè ann Ayiti ki anrejistre kòmsadwa nan kadas nasyonal la (The Earth Institute, 2012; Comité Interministeriel d’aménagement du Territoire, 2015). Sa ki vle di laplipa Ayisyen k ap viv andeyò vil yo pi souvan se pwopriyete defakto, yo pa gen tit fonsye ki ta ka garanti dwa yo sou tè yo. Sa ki lakoz, tranzaksyon ak echanj tè yo gen tandans fèt nan fason enfòmèl. Ensekirite fonsye a konn kreye divès konfli, dap piyanp sou tè peyizan yo anpil kote ann Ayiti (Dolisca *et al.*, 2007 ; Steckley ak Shamsie, 2015 ; Lopes, 2016). Epoutan, yon lòt bò, anpil kominote rural respekte dwa koutimye yo epi peyizan yo souvan fè yo plis konfyans pase sistèm legal la (Smucker, White ak Bannister, 2000). Pou laplipa moun ki patisipe nan etid nou an, dwa fonsye ak konfli ki gen pou wè ak latè pa te yon preyokipasyon pou yo. Men 10% nan patisipan yo te dekri dap piyanp sou tè yo kòm yon pwoblèm kominote ak yon menas pou agrikilti peyizan. Kèk nan yo te mansyone dezakò famiyal yo sou koze patrimwàn ak dwa eritaj.

Ensekirite fonsye a gen pakèt branch ki depase kad konfli fonsye lokal yo. Ensekirite fonsye a ka mine pratik jesyon tè ki respekte anviwònman, li ka antrave repons ak katastwòf, sitiyasyon ijans lè gen kriz, li ka limite volonte Leta yo ak òganizasyon imanite yo pou investi nan gwo pwojè irigasyon (Dolisca *et al.*, 2007; Steckley ak Shamsie, 2015 ; Lopes, 2016). Konsa, nan ka etid nou a, se yon sèl patisipan ki posede tè ki irige. Menm si sa fè lontan y ap pale sou tè ki pa irige kòm yon obstak pou agrikilti ak sekirite alimantè — sèlman anviwon 10% tè agrikòl ki kiltive ann Ayiti yo ki irige (USAID, 2010) — tè ki irige yo gen plis valè, sa ki fè, pwojè irigasyon yo ka ogmante revandikasyon fonsye yo epi pwovoke konfli fonsye (Steckley ak Weis, 2017). Ann Ayiti, an jeneral manke enfrastrikti agrikòl ak sistèm irigasyon tou, sa kreye yon gwo depandans pa rapò a agrikilti ki fèt sou baz lapli, sa ki deranje seryezman pwodiksyon nasyonal la (Joseph *et al.*, 2023). Konsa, sekirite fonsye, pwodiksyon peyizan ak sekirite alimantè makonnen ansanm.


⁴ 1 acre=0,404 686 hectare

Kidonk, 70% patisipan yo te fè konnen pa gen aksè ak dlo ak sistèm irigasyon yo se pi gwo obstak pou pwodiksyon peyizan yo.

Sekirite pou jwenn semans se yon pwoblèm enpòtan ann Ayiti tou, mank aksè ak bon jan semans mete agrikilti nasyonal la an difikilte (Joseph *et al.*, 2023). Twa ka patisipan yo fè konnen mank aksè ak semans se yon pwoblèm yo jwenn tanzantan, 93% nan yo deklare yo konn pa kapab plante lakoz yo manke mwayen. De patisipan te ekspri sa klè pou yo di « Nou pa gen ase mwayen pou n plante oubyen kiltive » e « Youn nan pi gwo defi mwen konfwonte se mank mwayen finansye pou achte semans ». Nan nivo nasyonal, anviwon 98% semans agrikiltè ayisyen yo itilize sòti nan sous enfòmèl, semans ki sètifye, amelyore epi enpòte yo reprezante yon ti kras pòsyon nan itilizasyon semans yo. Anviwon 15 ak 20 % semans yo sòti nan rekòt oubyen nan estòk sereyal yo (olye yo pwodui yo apa), laplipa semans yo vann ak achte sou mache lokal yo, gen nan semans sa yo manm kominote a pataje antre yo (USAID/Office of Foreign Disaster Assistance, 2010). Pou achte semans, sa koute agrikiltè yo an mwayèn 60 jiska 70 USD selon sezon yo, sa ki reprezante yon gwo depans, anplis Pwodui enteryè brit pa abitan ann Ayiti se 1700 USD (World Bank Group, 2024). Etandone anpil moun rekòmande pou ti peyizan yo asire devlopman sistèm pwodiksyon yo, konsèvasyon ak komèsyalizasyon, kontwol jesyon ak distribisyon lokal semans yo ann Ayiti sigjere pou agrikiltè yo ak kominote yo ta byen prepare pou mete pwojè sa yo sou pye. Poutan, defi a se mank envestisman ak soutyen Leta pou inovasyon nan sa ki gen pou wè ak semans, aktivite seleksyon plant yo ak rezò lokal pou konsève epi distribiye semans yo.

Anplis enpòtans latè, irigasyon ak resous semans, sistèm transpò ak mobilite se eleman enpòtan sistèm alimantè yo, echanj manje ak apwovizyònman. An gwo, sèlman 5% Ayisyen nan zòn riral yo gen aksè ak wout ki fèt (Greenstein, 2012). Aksè ak veyikil limite anpil tou : gen anviwon 4 machin prive pou 1 000 moun, men se nan vil yo konsantre (HelgiLibrary, 2024). Inegalite nan aksè ak transpò gen yon long istwa ann Ayiti, Leta ak òganizasyon devlopman yo bay priyorite ak elit lavil yo epi enterè pou ekspòtasyon nan konstriksyon wout yo (Yarrington, 2015). Mank aksè nan enfrastrikti transpò ak opòtinite mobilite pou abitan zòn riral yo mete bon jan limit nan ledikasyon, opòtinite pou jwenn travay ak resous pou lasante, men enfrastrikti transpò de grenn gòch yo fè ensèkirite alimantè a vin pi grav epi li antrave mobilite ak distribisyon manje tout bon, sa ki frennen mwayen sibzistans agrikiltè yo (Stokenberga *et al.*, 2023). Patikilyèman nan etid nou an, 96% patisipan yo deklare yo pa gen mwayen transpò fyab, anpil nan yo konn gen difikilte pou rive nan mache ki pi pre a: 2 tyè nan patisipan yo ale nan mache a pye, yon tyè lwe taksi moto.

Ki jan li fasil oswa difisil pou ou ale nan mache ki pi pre a?



Defi sou kesyon mobilite ak echanj manje vin pi grav akòz mank enfrastrikti pou estoke manje ann Ayiti, kit se nan nivo nasyonal kit se nan menaj yo, mank enfrastrikti distribisyon ak estokaj manje mete sekirite alimantè an danje. Anviwon 50% manje ki fre, sitou fwi ak legim yo gate avan yo rive nan mache (Joseph *et al.*, 2023) epi aksè limite agrikiltè yo genyen pou bon jan enfrastrikti transpò (refrijasyon ak anbalaj ki anpeche pwodui yo kraze epi deteryore) tounen yon obstak pou rive jwenn mache lavil yo (Eckert ak Latané, 2017). Nan nivo menaj yo, opsyon pou estoke manje (tankou plaka/galata oubyen depo) limite anpil tou, refrijasyon nan kay nan zòn riral yo prèske pa egziste. Pou di byen, 90% patisipan etid nou a pa te gen mwayen pou estoke manje yo aprè rekòt. Sa ki lakoz agrikiltè yo oblije kouri konsome oubyen vann pwodui yo vit vit, pou yo pa riske pèdi rekòt ak ti lajan yo ka fè. Mank sa ki pèsiste nan Masabyèl, kote moun


yo pa gen kapasite pou estoke manje, epi ki etann li nan lòt zòn rural Ayiti yo, fè fwi ak legim yo ra nan mache yo, sa ki ogmante pri pwodui bon kalite yo.

SEKIRITE ALIMANTÈ KOMINOTÈ

Lè nou te mande yo kisa sa vle di pou yo alimantasyon nitritif epi manje sen, patisipan yo deklare plizyè fwa manje ki rich yo natirèl, yo bay fòs, yo chaje vitamin epi yo pwoteje lasante. Pa egzanp, youn nan patisipan yo eksprime pèsèpsyon li sou kisa ki manje sen, klè kou dlo kòk: “manje rich yo se manje natirèl ki chaje vitamin. Manje sa yo pa gen pwodui chimik epi yo trè bon pou lasante.” Yon lòt deklare: “Pou rejyon pa nou an, manje ki rich se manje ki sen, ki natirèl epi ki bay moun bon jan enèji ak fòs.”

Nou te envite patisipan yo dekri rejim alimantè yo, pandan setan genyen ki di yo pa gen ankenn rejim espesifik, anpil dekri abitud alimantè jeneral chak jou yo. Pa egzanp, kèk patisipan deklare : “ An jeneral mwen bwè kafe nan maten. Nan aprè midi, m manje yanm, bannann oswa diri”, epi “ An jeneral, lè m leve m pran yon ti kafe, ak manyòk oswa pen. Aprè sa m manje bannann, yanm oswa mayi ak zaboka oswa ak aran. Depi se sezon mango, m ap manje mango tou”, epi ankò “An jeneral mwen bwè kafe oswa chokola cho, aprè nan aprè midi m manje viv”. Anpil nan yo di viv se manje yo manje ase souvan.

Ki jan ou jwenn manje pi souvan?



Lè nou te bezwen konnen kijan abitan Masabyèl yo aprann fè chwa manje ki sen, gen yon konsansis pou esplikè sajès nitrisyonèl la soti nan eritaj lafanmi, patrimwàn kiltirèl ak konesans jenerasyonèl. Patisipan yo te deklare:

- “Se yon eritaj gran paran nou kite pou nou.”
- “Gran paran nou yo montre nou kisa ki rele manje rich ak sa ki pa rich. Pou gran paran nou yo, an jeneral, manje ki soti anba tè gen plis vitamin. Epi, pwodui ki genyen lèt nan yo, tankou lam veritab la, gen anpil enèji. Se konsèy gran paran nou yo n ap suiv pou nou ka chwazi manje ki rich.”
- “Kèk moun idantifye manje ki rich selon kilti ak Pratik granparan yo.”

Patisipan yo di nou pou yo ka garanti tèt yo yon alimantasyon ki sen, yo chwazi manje peyi ak manje ki natirèl: “Nou chwazi manje lokal” epi “Nou chwazi manje ki natirèl”. Gen yon patisipan ki di sa byen senp: “ Depi se manje kreyòl, nou konn se bon manje.” Li enpòtan pou nou note, sajès alimantè ak konesans sou manje ki sen se pa preyokipasyon patisipan yo nan etid la. Nan sans sa, youn nan yo te ensiste pou di : “ Nou konnen kisa ki yon bon alimantasyon sen”! Okontrè, ensifisans alimantè se youn nan pi gwo pwoblèm.

Nan nivo nasyonal, prensipal sous alimantè popilasyon an se nan achte pwodui alimantè li ye. Toutfwa, anviwon 40 % nan popilasyon an depann de agrikilti sibzistans la pou satisfè bezwen konsomasyon li (Thomas, Rosenberger ak Palowski, 2014) e sa valab pou depatman Nò a tou (Pressoir *et al.*, 2016). Nan etid nou a, gen patisipan (62 %) ki di yo kiltive sa y ap manje prensipalman, epi patisipan yo pale tou sou pratik pataje lamanjay ki genyen nan mitan kominote a. Epoutan, pou anpil nan yo, apwovizyonman manje pa sifizan. Lè nou te mande patisipan yo si manje manm kominote an ap resevwa chak jou sifi, yo tout te di moun nan kominote a ap souffri grangou epi pa gen ase manje nan kominote a. Pawòl yo pati konsa:

- “Anpil moun nan kominote an oblije nan mande.”

- “Tout moun nan kominote a pa genyen manje sifizan chak jou, anpil nan yo tonbe nan grangou ak lamizè.”
- “Non, nou pa gen ase manje. Anpil nan nou ap mouri grangou paske nou pa gen mwayen pou nou viv.”


Pou plis pase mwatye patisipan nan etid nou a, aksè ak lamanjay se yon defi. Gen youn nan yo ki ekspri sa klèman: “Li difisil pou m bay tèt mwen manje chak jou”. Bon kantite nan patisipan yo dekri eksperyans yo ak grangou epi ensifizans alimantè, yo note pri manje yo se yon koz enpòtan nan ensekirite alimantè a, men tou yo souliye lyen ki genyen ant grangou ak move rezilta agrikòl; yo di :

- « Nan rejyon nou an, menm si agrikiltè yo travay anpil nou pa genyen manje nan kantite nou bezwen an. Mwen konn moun ki pa ka bay tèt yo manje chak jou ».
- « Lakoz mank ekipman ak mwayen finansye, epitou ak sechrès tanzantan yo nou pa genyen manje nesèsè nan kominote nou a. Gen fanmi ki pa ka manje aprè yo fin pèdi yon rekòt.
- « Nan rejyon nou a agrikiltè yo travay di. Men avan peryòd rekòt la, moun yo soufri tout bon. Lè fini, tout moun pa fè menm gany nan rekòt yo. Gen moun k ap mouri grangou de semèn aprè rekòt ».


Menm si patisipan yo pa viv ensekirite alimantè a menm jan, yo tout te di yo gen krent pou rezèv manje yo pa fini anvan menm yo ta gen lòt. Patisipan yo te pale de divès mekanis yo mete anplas pou fè fas ak grangou epi ensifizans alimantè nan fwaye yo, tankou nan chwazi manje ki mwen chè epi ki gen mwens kalite, nan sote youn nan repa jounen an oswa nan kenbe kè pa manje pandan tout yon jounen, oubyen tou nan redui pòsyon manje yo.

Gen yon patisipan ki esplike sitiasyon an konn tèlman grav pafwa, gen moun ki konn oblije vann tè yo


Ki jan li fasil oswa difisil pou ou jwenn manje?



Èske moun nan kominote w la peye yon pri jis pou manje ki an sante?




Nan mwa ki sot pase a, kilès nan bagay sa yo ki te vre pou ou?



epi deplase ale lòt kote pou chache lavi. Men pafwa, dapre yo menm sa a pa rezoud pwoblèm nan. Jan youn nan patisipan yo esplike sa, « Moun ap mouri grangou nan kominote a. Gen moun ki vann tè yo pou eseye ale lòt kote...yo pa reyisi. Yo oblije tounen isit la. Men kounya, yo pa gen tè ankò pou yo travay. »

Li enpòtan pou nou souliye malgre ensifizans alimantè ak grangou a, patisipan yo di kalite ak orijin manje yo toujou ret enpòtan pou yo. Apeprè 50% nan patisipan yo santi yo malalèz parapò ak kalite manje y ap manje chak jou, epi 28% di yo gen preyokipasyon sou prezans pwodui chimik nan alimantasyon yo. Patisipan yo patikilyèman preyokipe sou kalite manje enpòte ak transfòmasyon yo. Menm si 35 % patisipan di sa ki vrèman preyokipe yo se jwenn aksè ak manje ki ka reponn bezwen fanmi yo, 50 % deklare sa ki plis enpòtan an se jwenn manje ki lokal. Patisipan yo deklare yo santi yo byen, yo santi yo fò lè yo manje lokal chak jou, yo di konsa: “Lè m ka manje pandan jounen an, mwen santi m byen, mwen santi m an pè” epi “Lè m manje pandan yon jounen, m santi m alèz, sitou lè manje a se manje peyi”.



MANJE, POLITIK AK POUVWA

Anvan lane 1980 yo, Ayiti te konn pwodui anviwon 80% manje yo manje nan peyi an (Joseph et al., 2023). Politik ajisteman estriktirèl yo te enpoze Ayiti nan fen lane 1980 ak nan kòmansman lane 1990 yo, ak frè dwa ladwàn sou anpil sa y ap enpòte pou manje te bese anpil. Kòm egzanp, dwa ladwàn sou diri a soti nan 50 rive nan 3 %, mayi an soti nan 50 pou rive nan 15 %, lèt ak ze yo soti nan 40 pou rive nan 0 % (Steckley et al., 2023). Jodi a, dwa ladwàn Ayiti sou pwodui alimantè enpòte fè pati sa ki pi ba nan mond la (Pressoir et al., 2016). Politik sa yo gen konsekans grav sou pwodiksyon agrikòl nasyonal la, ak mwayen sibzistans peyizan yo : jodi a enpòstasyon alimantè reprezante 50 % nan sa ki konsome Ayiti, epi Ayiti enpòte 20 fwa plis pwodui agrikòl pase sa li ekspòte. Nan lane 2025, enpòstasyon alimantè yo triple parapò ak kòmansman ane 1990 yo, epi mòd konsomasyon yo te chanje nèt : konsomasyon lèt konsantre, poul, lwil vejetal, snak anbale ak vyann transfòmasyon yo enpòte te ogmante (Pressoir et al., 2016). Pandan antretyen yo, patisipan yo te gen pou dekri egzanp istorik kèk evènman ki te pètibe oubyen modifiye sistèm alimantè kominote a epi pale sou kèk chanjman yo te remake sou kèk lane. Patisipan yo te dekri kijan manje enpòte vin domine mache lokal yo. Kèk egzanp :


- “Sistèm alimantè nou a chanje depi lè pwodui alimantè enpòte yo vin nan kominote a. Sa se yon menas pou pwodiksyon lokal. ”
- “ Pwodui enpòte yo gen enpak negatif sou sante nou. ”
- “ Akoz politik dwanyè yo, mache ayisyen an anvayi ak pwodui etranje. Sa ki vin fè gen chanjman nan alimantasyon kominote nou a. Pwodui lokal yo pa ka twoke kòn ak pwodui ki soti aletranje yo. ”

Anpil moun bay egzanp presi sou chanjman alimantè, yo di konsa : “Gen plizyè bagay moun ap manje jodi a men ki pa t egziste avan. Jounen jodi a, anpil fanmi ap manje diri ak poul fri chak dimanch. Depi lè pwodui enpòte yo rive nan kominote a, moun yo manje diri chak jou. Konsomasyon diri triple depi lane 1990, pandan setan jounen jodi a se enpòte yo plis enpòte diri. ” Yon lòt patisipan deklare :

“ Depi kèk tan, gen kèk pwodui enpòte tankou sosis ki anvayi rejyon nou a. Anpil moun manje sosis la nan plas aran. Avan sa, nou pa t konn manje diri chak jou. Men jounen jodia, gen kèk fanmi se sèlman diri ak poul yo manje chak jou ”.

Deklarasyon sa yo enskri yo nan yon kontèks komèsyal pi laj: konsomasyon sosis dominiken an multipliye pa 30 depi lane 1990 yo (Pressoir et al., 2016). Listwa diri a pi kòryas toujou. Nan mitan lane 1980 yo, Ayiti te konn pwodui anviwon 86 000 tòn diri sou yon lane, epi l te konn enpòte anviwon 7000 tòn. Aprè ajisteman estriktirèl la pwodiksyon nasyonal la ret anplas san avanse epi enpòtasyon menm ap ogmante chak ane jiskaske l rive 550 000 tòn nan lane 2020 (FAO, 1996).

ONG yo patisipe nan depandans Ayiti pou enpòtasyon alimantè a pi mal toujou, yo bòykote pwodiksyon lokal la epi yo kontribiye nan egzòd rural ann Ayiti (NYU School of Law Center for Human Rights and Global Justice et al., 2010; Steckley ak Weis, 2017). Nan mitan lane 1990 yo, Etazini, Lafrans ak Almay voye an mwayèn 123 600 tòn èd alimantè pou Ayiti chak ane epi, soti 1990 pou rive 2010, 1.5 milyon tòn pwodui alimantè ki kiltive Etazini yo voye yo Ayiti sou fòm èd alimantè pou ijans ak èd devlopman (NYU School of Law Center for Human Rights and Global Justice et al., 2010; Schwartz, 2015). Bwourara pwodui enpòte gratis sa yo vin lakoz pri danre de baz ki pwodui nan peyi a vin bese, tankou diri ak pitimi, epi li mine pwodiksyon lokal la. Nan anpil ka, èd alimantè yo pa apwopriye, gen move kalite epi pa koresponn ak kilti oswa preferans alimantè Ayisyen yo (NYU School of Law Center of Human Rights and Global Justice et al., 2010).



Malgre tout monte ensekirite alimantè a nan depatman Nò ak komin Lenbe, tout patisipan nan etid nou a deklare yo pa janm gen pwogram èd alimantè nan rejyon an: ankenn nan yo pa te jwenn asistans nan men ONG. Poutan, patisipan yo te gen yon pèsèpsyon ki fò sou èd alimantè. Lè nou te mande yo si manje ONG yo bay la sen, rich epi adapte ak abitan ki nan kominote a, 96 % nan patisipan yo reponn “non”. Menm si yo pa konn resevwa èd alimantè, patisipan yo gen opinyon byen tranche sou èd sa a, youn nan yo di : “ mwen tande lòt moun k ap di manje ONG yo bay la, ki soti lòt kote a li pa bon kalite”. Anpil patisipan eksprime enkyetid yo ak mefians yo pou zafè èd alimantè:

- “Èd alimantè a gen ladann sibstans chimik ki se pwazon pou lasante”.
- “Pwogram èd alimantè yo antrene maladi ak polisyon”.
- “Pwogram èd alimantè yo se sous kontaminasyon ak maladi”.

Menm si patisipan yo rekonèt gen yon bezwen lamanjay nan kominote a, li enpòtan pou n souliye yo p ap chache nenpòt ki lamanjay. Patisipan yo di klèman yo te bezwen soutyen, men yo souliye tou èd alimantè ak pwogram sistèm alimantè yo ta dwe soutni agrikilti lokal la ak kilti alimantè ayisyen an.

MANJE EK ANVIWONNMAN

Lè nou poze patisipan yo kesyon sou pèsèpsyon yo sou relasyon ki genyen ant alimantasyon ak anviwonman, yo te dekri klèman relasyon yo. Yon kategori kòmantè te montre refleksyon patisipan yo sou lasante anviwonmantal ak pwodiksyon lamanjay. Pa egzanp, patisipan yo deklare:

- “Se anviwonman an k ap nourri nou. Si li malad, manje a ap malad tou”.

- “Manje nou soti nan zantray latè. Si li malad, li p ap kapab ba nou manje ankò”.
- Yon anviwonman malad, se sèlman pwodui ki malad li ka bay. Anviwonman an se baz pwodiksyon lamanjay” .

Patisipan yo eksplike kijan chwa alimantè yo gen repèkasyon sou anviwonman an ak sou lasante. Pa egzanp, gen youn ki deklare: “Wi, genyen lyen! Gen manje nou konsome ki toksik pou lasante ak pou anviwonman an”. Yon lòt patisipan deklare: “Si nou p ap byen manje, sa ka ba nou pwoblèm lasante, epi si anviwonman an polye sa a tou ka lakoz pwoblèm lasante”.

Lè nou te mande yo pou yo dekri chanjman ak defi anviwonman yo te remake oswa yo te viv, patisipan yo te pataje ak nou kèk preyokeyasyon, tankou sechrès, depasman tè ak wòch (ewozyon), inondasyon, glismann tè, agravyasyon sezon siklòn k ap ravaje agrikilti epi k ap touye zannimo yo, move tan, kèk espès zannimo k ap disparèt, ogmantasyon tanperati global la ak vag chalè k ap vin pi grav, polisyon plastik epitou pwosesis pou elimine fatra ki pa genyen. Bon kou patisipan dekri bèt nuizib ak maladi k ap detwi jaden yo, ki pa sispann ogmante (maruca vitrata oswa ti cheni k ap fè twou nan gous pwa yo), men tou tiyogann (Cylas formicarius oswa charanson patat dous / ti mit) ak cheni. Konsa, nan lane 2024 gouvènman ayisyen an te avèti agrikiltè ki nan kèk rejyon nan peyi a sou maladi chabon lakay zannimo, li te ankouraje agrikiltè yo bay bèt yo vaksen. Men pa gen ase vaksen ki aksesib. Patisipan yo note maladi sa yo gen vye enpak sou sante moun ak sou anviwonman, yo lakoz gwo pèt rekòt epi yo menase vyabilite agrikilti peyizan.

Patisipan yo konsyan gen lyen ant chanjman anviwonman yo viv yo ak chanjman klimatik la. Lè nou te mande yo ki menas ki peze sou agrikilti peyizan an, 97 % nan moun nou te poze kesyon yo te site chanjman klimatik la. Efektivman, Ayiti klase twazyèm ran mondyal nan sa ki konsène endis risk klimatik sou yon tan long (David Eckstein, 2021) epitou se yon bagay anpil moun rekonèt, chanjman klimatik la reprezante yon obstak majè pou sekirite alimantè ann Ayiti (Singh ak Cohen, 2014; Steckley ak Steckley, 2023). Patisipan yo deklare chanjman klimatik la se yon kòz enpòtan nan kontrarye sistèm alimantè ak chanjman anviwonmantal nan Massabielle :

- “ Chanjman klimatik la se yon gwo pwoblèm pou kominote a, epi chanjman klimatik la gen de konsekans grav. ”
- “Chanjman klimatik la lakoz transfòmasyon sistèm alimantè a ansanm ak anviwonman an. ”
- “ Chanjman klimatik la transfòme sistèm alimantè nou a. Li redui kantite pwodiksyon lokal yo. ”


Lè nou te mande patisipan yo si enpak anviwonman an sou agrikilti yo se yon bagay otorite k ap deside yo konsidere, yo tout nèt (100%) te reponn “Non”.

BILAN LASANTE

Okenn patisipan pa di l lasante fin bon nèt, sèlman 3 % ladan yo di yo an trè bon sante. 42% pousan ladan deklare yo an bon sante, epi mwatye nan yo te gen gwo sousi sante. Pandan evalyasyon souvrènte alimantè a gen kesyon sou pwa avèk tay, anpil patisipan yo (70%) pa konnen ni pwa yo ni tay yo. Poutan, lè nou mande yo fè evalyasyon sibjektiv sou pwa yo, laplipa nan yo (62%) estime yo genyen yon pwa nòmal, 7% konsidere yo gen twòp pwa epi 31% konsidere yo genyen twò piti. Pou sa ki gen pou wè ak pwoblèm lasante, patisipan yo di yo fè fas ak yon seri pwoblèm : lafyèv, tifoyid, pwoblèm je (glokòm, katarak), pwoblèm lestomak, kolera, doulè kwonik, migrèn, fatig ak feblès akòz mank alimantasyon.

Patisipan yo di maladi tansyon, maladi kè, pwoblèm tiwoyid ak fibwòm se prensipal defi y ap konfwonte, men pwoblèm anemi an se li yo plis site, 73% nan patisipan yo deklare anemi se yon pwoblèm nan kominote yo a. Ayiti se youn nan peyi nan mond lan ki gen yon to elve pou anemi, epi kondisyon sa diferan selon sèks : anviwon 50% fanm ayisyen ki nan laj 15 jiska 49 lane soufri anemi (Palacios et al., 2021). Nou te mande patisipan yo pou yo dekri lòt pwoblèm lasante y ap konfwonte nan kominote a. Nan repons kalitatif yo ba nou, patisipan yo te site yon seri pwoblèm lasante k ap enkyete yo : tifoyid, H. pilori oswa pwoblèm

Ki jan sante ou ye?



lestomak, dyabèt oswa maladi sik, pwoblèm je, lafyèv, kolera, migrèn, grip, dyare, tansyon wo ak pwoblèm pwostat. Sa yo plis site se H. Pilori/pwoblèm lestomak ak tifoyid. Pwoblèm lestomak gen yon lyen sere ak estati sosyo-ekonomik, pwomiskuite epi mank aksè a enfrastrikti sanitè yo, tankou dlo potab ak sèvis tourego: gen menm sila ki rele li “epidemi silansye” nan zòn riral ann Ayiti (Louis et al., 2021). Tifoyid la tou, se manje ak dlo kontamine ki lakoz li, epi li gaye nan tout peyi a tou. Nan lane 2024, ministè Lasante ann Ayiti siyale 1200 ka pa semèn (CDC, 2024). Nan sa ki gen pou wè ak enstalasyon sanitè, twalèt atè oswa espas lib se yon pwoblèm sante piblik enpòtan ann Ayiti, epi mank aksè ak latrin ran moun pi ekspoze ak yon seri maladi tankou kolera ak tifoyid. Nan etid nou fè a, anviwon 29 % nan patisipan yo deklare yo pa gen aksè ak latrin lakay yo, sa ki koresponn nan nivo nasyonsyal ak yon pousantaj moun ki gen aksè ak latrin nan zòn riral yo (Paul et al., 2022). Patisipan nan etid nou a rekonèt mank aksè ak enfrastrikti sanitè epi aksè limite ak dlo potab se baz kèk pwoblèm sante nan kominote a.

Anplis enfrastrikti sanitè yo ki limite, pi fò nan patisipan yo (82%) endike mank aksè ak manje sen vin rann pwoblèm sante yo pi grav toujou nan Masabyèl. Lè nou te mande yo èske manje y ap konsome yo reponn ak bezwen yo nan sa ki gen pou wè ak lasante, 55 % reponn “ non ”. Men kèk eksplikasyon yo bay:

- “Mank lamanjay se youn nan pwoblèm ki bay kèk maladi nan kominote nou a, tankou anemi.”
- “Manje n ap konsome yo ap deteryore lasante paske anpil nan yo gen vye engredyan toksik ladan yo.”
- “Maladi lestomak se yon pwoblèm ki lye ak alimantasyon.”

Bon kantite nan patisipan yo etabli lyen ant move kalite alimantasyon, prevalans maladi yo yon bò epi manje ki enpòte yo ak transfòmasyon lòt bò :


- “Se lè pwodui enpòte yo anvayi nou, nou vin ap fè fas ak yon seri nouvo maladi.”
- “Pwodui enpòte yo anpeche nou viv an sante.”
- “Konsomasyon manje enpòte rann pwoblèm lasante manm kominote nou an pi grav toujou.”

Dans l’ensemble, 90 % des participant-e-s ont estimé que l’accès à davantage de nourriture et à des aliments plus sains aurait un impact positif sur leurs problèmes de santé individuels et communautaires.

Outre les problèmes de santé individuels et communautaires, les participant-e-s ont fait état d’obstacles importants à l’accès aux soins de santé, soulignant que le manque d’hôpitaux et de cliniques et l’incapacité à payer les services de santé constituaient des défis majeurs. Concrètement, environ trois quarts des participant-e-s ont déclaré qu’au cours de l’année écoulée, ils avaient évité de se faire soigner en raison du coût. À la question de savoir quels services de santé les participant-e-s ont tendance à consulter lorsqu’ils

ont besoin d'un soutien sanitaire, 93 % ont répondu qu'ils consultaient un médecin occidental, 45 % un *medsen fèy* [médecin des feuilles/médecin traditionnel à base de plantes] et 3 % une *fanm saj* [femme sage/sage-femme].

Les participant·e·s ont également été interrogés sur leur sentiment d'appartenance à la communauté et leur santé mentale, qui, selon les chercheur·euse·s, sont liés à la sécurité alimentaire (Jones, 2017 ; Pourmotabbed et al., 2020 ; Trudell et al., 2021 ; Saputra et al., 2024). Dans l'ensemble, la majorité (59 %) des participant·e·s avaient un fort sentiment d'appartenance à leur communauté, et 38 % ont qualifié sentiment d'appartenance à la communauté de « plutôt fort ». Les participant·e·s ont également tendance à se sentir plutôt satisfaits de leur vie (71 %), mais la plupart d'entre eux (69 %) ont également déclaré qu'ils étaient souvent découragés ou déprimés, 3 % se disant même déprimés. Par ailleurs, 57 % des participant·e·s ont déclaré qu'ils subissaient un stress extrême la plupart du temps et 25 % qu'ils subissaient un stress quotidien.



RAPÒ SOSYAL SÈKS AK MANJE

Rapò pouvwa ant fanm ak “gason gen yon enpak konplèks sou sekirite alimantè: dwa fonsye yo, distribisyon manje nan kay yo, ak maladi ki lye ak sèks gen yon ensidans sou aksè pou fanm yo jwenn manje. Nan sa ki konsène separasyon tè yo, tout patisipan yo deklare gason ak fanm gen menm dwa fonsye sou plan jiridik epi yo gen dwa eritye menm kantite tè. Poutan, 68 % patisipan yo deklare mesye yo gen tandans pou yo premye moun nan sa ki wè ak eritaj tè yo. Konsa, chèchè yo montre fi yo gen tandans gen mwens sekirite fonsye sou tè eritaj pase pitit gason yo (Kelly, Deaton ak Amegashie, 2019). Alòske 90% patisipan yo deklare pa gen preferans sosyal nan koze fanm ak gason ki manifeste yo lòt mannyè, 10% patisipan yo deklare lè pa gen ase kòb pou voye timoun yo lekòl, se gason yo ki gen priorite.

Nan kesyon si sèks gen enpak sou lasante, 70% patisipan yo reponn pa genyen. Gen kèk patisipan ki panse gason ak fanm yo souffri menm jan epi yo rekonèt anpil maladi touche alafwa gason ak gason (patisipan yo site tifoyid ak H.Pilory kòm egzanp). Men tou, gen kèk ki endike fanm yo souffri plis pwoblèm lasante. Kòm egzanp, yon patisipan deklare “Tout manm kominote yo gen tifoyid ak H.Pilori, men fanm yo pi vilnerab.” Genyen lòt ki souliye pwoblèm diferan ki genyen nan sa ki konsène sante fanm yo nan sante seksyèl ak akouchman. Egzanp gen yon patisipan ki deklare: “konsènan lasante, fanm yo souffri plis pase gason yo sitou lè y ap akouche. Nou pa gen lopital nan kominote a. Nou dwe pote fanm yo sou yon kabann jis lavil pou yo akouche”.

Lòt kesyon yo revele dezekilib nan sèks moun yo ki posib pou gen yon enpak sou lasante. Pa egzanp, alòske gason ak fanm yo toulède angaje nan agrikilti epi kèk nan patisipan yo (65%) deklare yo ekspozé menm jan ak pestisid ak angrè chimik, 35% nan patisipan yo deklare gason yo pi ekspozé ak pwodwi agwochimik yo. Distribisyon manje nan kay yo se yon lòt egzanp : kèk lòt patisipan dekri fanm yo gen tandans pran responsab pou prepare ak distribiye manje yo, men gason yo resevwa plis manje epi se yo ki priorite. Patisipan fanm yo deklare tou :


- “Se mwen ki prepare manje an epi ki manje anvan. Men mwen bay mari m plis vyann.”
- “Men wi, gason an ki gen priorite pou manje a.”

- “Nan kay la, gason yo resevwa manje anvan tout moun epi yo jwenn plis manje. Touswit aprè se timoun yo. Epi fanm yo manje an dènye. ”


Distribisyon manje nan kay yo se yon endikatè enpòtan sekirite alimantè fanm yo, ak prevalans anemi nan zòn riral ann Ayiti, an patikilye kay fanm yo, se yon preyokipasyon majè. Rejim alimantè a trè enfluyans anemi, epi akòz distribisyon alimantè nan kay yo — sitou distribisyon vyann — fèt an fonksyon sèks, sa gen enpak sou to anemi kay fanm ayisyen yo.

KILTI LAMANJAY

Lè nou te mande yo dekri manje tradisyonèl, patisipan yo te mansyone : yanm, bannann, malanga, mayi, manyòk, patat, pwa, labapen, diri ak mango. Manje sa yo se baz rejim alimantè ayisyen an (Pressoir et al., 2016). Patisipan yo te mansyone kèk pla prepare tou tankou tchaka, tchèk, tonmtonm, mayi moulen, bouyon, sòs kalalou, mousa, doukounou ak kasav. Manje sa yo kiltive nan kominote a, selon patisipan yo. Nou te mande patisipan yo nan ki frekans yo manje pla sa yo ak lòt manje tradisyonèl, yo te reponn yo plis konsome lam veritab, yanm, patat ak bannann.



Angwo, laplipa nan moun nou te poze kesyon (66%) deklare manje y ap konsome yo konfòm ak sistèm alimantè tradisyonèl yo. Pla ki fèt ak viv yo, moun plis manje yo alòske pen mayi, pen patat ak pitimi moun yo mwens manje yo. Lè nou te poze patisipan yo kesyon sou konsepsyon yo genyen nan manje tradisyonèl yo, anpil ladan yo te deklare diri peyi a chè epitou, plizyè nan yo te vle konn kijan yo fè pen patat ak pen mayi. Twaka nan patisipan yo deklare yo manje pla tradisyonèl nan nivo yo swete a, epi laplipa (60%) nan yo deklare kominote yo a swete prezève manje tradisyonèl yo. Patisipan yo di koze tankou:



- “Wi, nou vle prezève manje kiltirèl tradisyonèl yo, se pou sa nou kontinye travay latè.”
- “Nou vle prezève manje kiltirèl tradisyonèl, se sa ki idantite nou.”

Anpil patisipan deja angaje nan aktivite alimantè tradisyonèl. Yo kiltive latè, fè manje tradisyonèl epi yo keyi ak prezève plant tradisyonèl ak plant sovaj. Toutfwa, gen kèk nan yo ki ekspriye enkyetid yo parapò ak manje tradisyonèl yo ki pa reprezante yon priyorite ni pou konsomatè yo, ni pou ONG ni pou Leta. Patisipan yo (66%) ekspriye enkyetid yo parapò ak ewozyon pratik agrikòl ak kilti tradisyonèl yo nan kominote a. Pa egzanp, patisipan yo enkyete yo paske prèske pa gen kilti diri ak pitimi peyi ankò. Konsa, nan nivo nasyonal genyen konsomasyon mayi, manyòk, yam ak bannann k ap bese pandansetan pwodui enpòte yo tankou luil, poul ak diri ap ogmante (Pressoir et al., 2026).

Sitiyasyon sa a gen yon enpak non sèlman sou alimantasyon ak lasante popilasyon riral yo, men tou sou pratik relijye yo. Si laplipa nan patisipan yo (55%) di manje yo bezwen pou fè seremoni disponib nan Masabyèl, 38% nan yo deklare manje yo bezwen pou seremoni yo pa disponib nan kominote yo, epi 7% di manje yo konn disponib yon lè konsa. Anplis, anpil nan sila ki te di manje yo konn bezwen pou seremoni yo disponib, yo deklare tou, moun yo pa souvan gen mwayen pou achte manje sa yo ; epi anpil nan yo deklare yo konn oblije ale Lenbe pou achte manje yo bezwen pou seremoni.


Lè pou yo di kisa ki obstak pou yo konsome manje tradisyonèl, anpil nan patisipan yo (40%) deklare manje lokal yo twò chè. Patisipan yo ensiste pou yo di diri peyi a chè anpil, epi anpil nan yo di menm si yo swete konsome lokal men obstak yo anpil. Jan youn nan patisipan yo di li, “ Nou gen volonte, se mank mwayen ki anpeche nou konsome lokal.” Gen nan yo ki di kote yo abitye fè pwovizyon yo swa gen amenajman oubyen yo pèdi kote sa yo (12 %), anpil nan yo deklare yo pa konn kote pou yo jwenn manje lokal achte (8 %) epi gen nan yo ki di yo pa konnen kijan pou yo prepare kèk pla tradisyonèl (4 %). Patisipan yo di gen kèk nan manje lokal ak tradisyonèl yo ki tabou, 40% nan yo deklare gen diskriminasyon sosyal kont manje peyi. Pa egzanp, patisipan yo deklare:

- “Mwen souvan chwazi manje pwodui enpòte paske moun yo ap di move bagay sou manje peyi.”
- “Pafwa m pa manje pitimi paske moun yo di se manje poul li ye.”
- “Souvan pitit nou pa vle manje pwodui lokal yo paske moun yo di bagay negatif sou manje peyi.”


KOUT JE SOU DEMEN

Lè nou te mande patisipan yo pou yo dekri bezwen kominote a genyen ak kout je yo sou amelyorasyon sistèm alimantè sen an, yo te deklare yo ta ka benefisye diferan tip soutyen tankou pou dlo, semans, zouti ak angrè ; refòm agrè ak aksè ak latè; kredi agrikòl ak sèvis bankè; aksè ak ekspè ak teknisyen agrikòl ki

Aktivite manje tradisyonèl yo



Èske manje seremoni yo pi chè oswa mwens chè pase lòt manje yo?



kapab founi fòmasyon epi bay kout men nan rezoud pwoblèm yo lè yo prezante; sant kilti ak kote pou travay sou solidarite mityèl; epi pou devlopman rural ak pwogramasyon sistèm alimentantè ki ka soutni peyizan yo ak agrikilti peyizan. Patisipan yo souliye tou, pou bon jan pwoteksyon manje tradisyonèl yo fòk moun ki nan kominote yo apresye manje lokal yo, men tou yo dwe gen mwayen ak posiblite pou yo konsome yo. Pou sa rive fèt, patizan lide sa a kapab kontribye nan sansibilize popilasyon an sou valè manje lokal (fè pwomosyon epi defann manje ak pwodiktè lokal tou), nan montre avantaj lè w evite pwodui chimik, montre kijan pou evite pwodui chimik ak agwochimik epi yo te kapab tou anseye timoun yo sou valè manje lokal yo. Jan yon patisipan di li, “ pou nou pi byen pwoteje manje tradisyonèl ayisyen an, nou dwe kiltive yo, konsome yo epi aprann pitit nou pou yo renmen yo”. Nan yon nivo ki pi laj, patisipan yo eksprime bezwen pou anpeche pwodui enpòte yo anvayi kominote a, kreye sant agwoalimentantè k ap valorize manje tradisyonèl epitou etabli bank agrikòl k ap soutni agrikiltè ak pwodui lokal. Patisipan yo souliye tou, nesite pou amelyore pwodiksyon ak aksè ak manje tradisyonèl.

Lè nou te mande yo kiyès k ap travay nan moman an pou rezoud pwoblèm alimentantè kominote yo a ap fè fas, patisipan yo te gen plizyè opsyon repons (ONG, Leta ak Òganizasyon kominotè), men yo pifò te deklare se peyizan yo ak manm kominote a ki se prensipal aktè nan rezoud pwoblèm alimentantè kominote a ap fè fas. Pa egzanp, moun yo di kèk koze tankou: “Se sèlman peyizan yo ki travay sou kesyon sa yo”; “Sèl peyizan yo, pèsoun lòt”; “Aktè yo se prensipal aktè nan sa ki gen pou wè ak lamanjay nan rejyon an”. Yon grenn patisipan ki mansyone Leta, pyès nan yo pa mansyone ONG ak òganizasyon imanitè.

Pou fini, lè nou te mande yo si yo vle ajoute yon bagay, patisipan yo souliye mank mwayen kominote an ap fè fas ak li, epi yo mande plis soutyen tou :

- “ Nou bezwen mwayen pou n travay ”
- “ Nou bezwen èd alimentantè nan kominote nou an ”
- “Nou espere Leta ap pote kout men ”
- “Nou bezwen èd. ”

KONKLIZYON

Obstak ki lye ak sekirite epi souverènte alimentantè nan Masabyèl yo , oubyen pi laj ann Ayiti, yo anpil. Patisipan nan etid nou a met aksan sou plizyè pwoblèm kle, tankou chanjman klimatik, distribisyon alimentantè debalanse an fonksyon sèks, pwoblèm lasante ak sante mantal, risk ki lye ak sekirite alimentantè, aksè limite ak latè epi dlo, ewozyon ak politik komèsyal ak imanitè k ap ranfòse depandans manje lokal yo anba pwodui enpòte yo. Peyizan ayisyen ak gwoup sosyete sivil la ap plede pou yon souverènte alimentantè depi plis pase yon deseni (La Via Campesina, 2010 ; PAPDA, 2021). Men gen yon chanjman paradigm k ap fèt firanmezi ann Ayiti: valè ak objektif souverènte alimentantè a ap jwenn jarèt pi plis chak jou yon mannyè ki depase mouvman baz yo. Nan lane 2018, gouvènman ayisyen an pibliye PSNSSANH (Gouvernement d’Haïti, 2018), kote pou premye fwa Leta reprann langaj ak valè fondamantal souverènte alimentantè.

Analiz sou sekirite alimentantè ann Ayiti souvan mete aksan sou estatistik sou grangou, pi bon randman agrikòl ak koz imedya ensekirite alimentantè tankou enstabilite politik oswa fenomèn move tan. Analiz sa gen yon seri fay ki te ka konble si yo aliye ak kad PSNSSANH ak vizyon epi eksperyans agrikiltè ak konsomatè ayisyen. Konprann aspirasyon ak eksperyans ayisyen nan sa ki gen pou wè ak sistèm alimentantè, ak yon analiz pi laj sou dinamik konplèks ki afekte sekirite alimentantè, jan etid sila a ap eksplore li, te ka yon eleman itil anpil pou devlope bon jan repons imanitè efikas epi adapte nan kontèks kriz Ayiti ap viv la a. Anplis, sa te ka penmèt otorite politik yo, ONG yo ak lidè kominotè yo evalye motè istorik ensekirite alimentantè epi idantifye pis amelyorasyon.

An menm tan, amelyore evalyasyon sistèm alimantè yo nan pèspektiv souverènte alimantè a pa tou bay garanti gouvènman yo, oubyen tou òganizasyon imanité yo pral reyaji yon mannyè apwopriye, ni sa pa vle di resous yo ak pwogram yo pral ale nan sans priyorite lokal yo. Men tou, evalyasyon sistèm alimantè yo se zouti imedya peryodik enpòtan. Souvan, se plizyè fwa nan yon lane epi yo ka tounen achiv istorik enpòtan pou gade vilnerablite sistèm alimantè yo. Entegrasyon evalyasyon souverènte alimantè a, jan etid sa ap fè li a, kapab amelyore rapò sa yo, nan bay enfòmasyon ki ka sèvi epi k ap itil istorikman. Pa egzanp, si gen evalyasyon souverènte alimantè a ki fèt regilyèman, pandan gen dokimantasyon k ap fèt sou kesyon tankou chanjman klimatik, pwa patikilye grangou genyen sou fanm, oswa tou apèl sou prezèvasyon manje tradisyonèl, yon resi diferan te ka jwenn wout li parapò ak rapò estanda sou sekirite alimantè yo ki gen tandans konsantre yo sou “dokimantasyon domaj yo” (Rojo et al., 2022). Yon suivi koyeran sou preyokipasyon ki lye ak souverènte alimantè te ka met limyè sou defi k ap pèsiste yo, yon mannyè pou yo pi vizib epi pou founi enfòmasyon nesèsè bay aktè politik k ap deside yo ansanm ak chèchè pou yo fè plis toujou nan aksyon y ap poze pou soutni aspirasyon sistèm alimantè lokal yo.

REFERANS

Abi-Habib, M. (2021) 'Why Haiti Still Despairs After \$13 Billion in Foreign Aid', *The New York Times*, 8 July. Available at: <https://www.nytimes.com/2021/07/08/world/haiti-foreign-aid.html> (Accessed: 23 September 2024).

Accilien, C. (2008) *Rethinking Marriage in Francophone African and Caribbean Literatures*. Lanham, MD: Lexington Books.

Alvarez, M.D. and Murray, G.F. (1981) *Socialization for Scarcity: child feeding beliefs and practices in a Haitian Village*. Port-au-Prince, Haiti: USAID.

Berman, D. and Kuperberg, I. (2024) *In Haiti, Private Sector Links are Boosting Farmer Incomes, International Finance Corporation (IFC)/World Bank Group*. Available at: <https://www.ifc.org/en/stories/2024/haiti-private-sector-boosting-farmer-incomes> (Accessed: 20 September 2024).

Burchi, F. and De Muro, P. (2016) 'From food availability to nutritional capabilities: Advancing food security analysis', *Food Policy*, 60, pp. 10–19. Available at: <https://doi.org/10.1016/j.foodpol.2015.03.008>.

CDC (2024) *Haiti | CDC Yellow Book 2024, Center for Disease Control*. Available at: <https://wwwnc.cdc.gov/travel/yellowbook/2024/itineraries/haiti#> (Accessed: 11 October 2024).

Coates, J. (2013) 'Build it back better: Deconstructing food security for improved measurement and action', *Global Food Security*, 2(3), pp. 188–194. Available at: <https://doi.org/10.1016/j.gfs.2013.05.002>.

Comité Interministériel d' Aménagement du Territoire (2015) *Comité Interministériel d' Aménagement du Territoire. Projet de Sécurité Foncière en Milieu Rural (PSFMR) [Rural land security project]*. Comité Interministériel d' Aménagement du Territoire. Available at: <http://ciat.gouv.ht/projets/projetde-securite-fonciere-en-milieu-rural-psfmr>.

David Eckstein, V.K. (2021) *Global Climate Risk Index 2021*. GermanWatch. Available at: <https://www.germanwatch.org/en/19777> (Accessed: 26 September 2024).

Dolisca, F. *et al.* (2007) 'Land tenure, population pressure, and deforestation in Haiti: The case of Forêt des Pins Reserve', *Journal of Forest Economics*, 13(4), pp. 277–289. Available at: <https://doi.org/10.1016/j.jfe.2007.02.006>.

Eckert, E. and Latané, A. (2017) *The Sorghum Value Chain in Haiti: a mapping and analysis*. North Carolina, US: RTI International. Available at: https://www.rti.org/sites/default/files/resources/18593654_Eckert_Latane_WorkingPaper2017_04_Sept26_Final.pdf.

Edmonds, K. (2013) 'Beyond Good Intentions: The Structural Limitations of NGOs in Haiti', *Critical Sociology*, 39(3), pp. 439–452. Available at: <https://doi.org/10.1177/0896920512437053>.

FAO (1996) 'Rome Declaration on World Food Security and World Food Summit Plan of Action', in. *World Food Summit*, Rome: Food and Agriculture Organization of the United Nations.

Government of Haiti (2018) *Politique et Stratégie Nationales de Souveraineté et Sécurité Alimentaires et de Nutrition en Haïti (PSNSSANH)*. Volume 1 and 2. République d'Haïti, Port-au-Prince.

Greenstein, J. (2012) *Haiti's Road Less Traveled, Frontlines: United States Agency for International Development*. Available at: <https://2012-2017.usaid.gov/news-information/frontlines/economic-growth/haitis-road-less-traveled>.

Guillaume, D. *et al.* (2023) 'Decolonization of Global Health in Haiti: A Call for Equity, Partnerships, Scholarship, and Informed Action', *Global Health: Science and Practice*, 11(3), p. e2200298. Available at: <https://doi.org/10.9745/GHSP-D-22-00298>.

Haiti Now (2017) *National Academic Achievement, Ayiti Now Corp*. Available at: <https://www.haiti-now.org/national-academic-achievement/> (Accessed: 7 October 2024).

HelgiLibrary (2024) *Passenger Cars Per 1,000 People in Haiti, Helgi Library*. Available at: <https://www.helgilibrary.com/indicators/passenger-cars-per-1000-people/haiti> (Accessed: 7 October 2024).

Jones, A.D. *et al.* (2013) 'What are we assessing when we measure food security? A compendium and review of current metrics', *Advances in Nutrition (Bethesda, Md.)*, 4(5), pp. 481–505. Available at: <https://doi.org/10.3945/an.113.004119>.

Jones, A.D. (2017) 'Food Insecurity and Mental Health Status: A Global Analysis of 149 Countries', *American Journal of Preventive Medicine*, 53(2), pp. 264–273. Available at: <https://doi.org/10.1016/j.amepre.2017.04.008>.

Joseph, L. *et al.* (2023) 'Sustainable agriculture and food sovereignty in Haiti: sharing knowledge and shaping understanding of food systems at the University of Fondwa', *Frontiers in Sustainable Food Systems*, 7. Available at: <https://doi.org/10.3389/fsufs.2023.1230763>.

Kelly, L.D., Deaton, B.J. and Amegashie, J.A. (2019) 'The Nature of Property Rights in Haiti: Mode of Land Acquisition, Gender, and Investment', *Journal of Economic Issues*, 53(3), pp. 726–747. Available at: <https://doi.org/10.1080/00213624.2019.1644922>.

Kushner, J. (2019) 'Haiti and the failed promise of US aid', *The Guardian*, 11 October. Available at: <https://www.theguardian.com/world/2019/oct/11/haiti-and-the-failed-promise-of-us-aid> (Accessed: 23 September 2024).

Lopes, A.F. (2016) *Beyond the mountains, more mountains : disaster response, mass-displacement and the land tenure puzzle in Haiti*. University Bochum. Available at: <https://doi.org/20.500.11825/188> (Accessed: 8 October 2024).

Louis, Y.E. *et al.* (2021) 'H. Pylori Infection: A Silent Epidemic that Affects Disadvantaged Populations in Haiti', *Global Health: Annual Review*, 1(6). Available at: <https://journals.mcmaster.ca/ghar/article/view/2664> (Accessed: 11 October 2024).

Moral, P. (1961) *Le paysan Haïtien: Étude sur la vie rurale en Haïti [The Haitian peasant: a study of rural life in Haiti]*. Paris, France: Maisonneuve and Larose.

Nicholls, D. (1985) *Haiti in Caribbean Context: Ethnicity, Economy and Revolt*. New York: St. Martin's Press.

NYU School of Law Center for Human Rights and Global Justice *et al.* (2010) *Sak Vid Pa Kanpe: The Impact of U.S. Food Aid on Human Rights in Haiti*. NYU School of Law Center for Human Rights and Global Justice; Partners in Health; RFK Center for Justice and Human Rights; Zanmi Lasante. Available at: <https://www.pih.org/sites/default/files/2017-07/Sak-Vid-Pa-Kanpe-The-Impact-of-U.S.-Food-Aid-on-Human-Rights-in-Haiti.pdf>.

Palacios, A.M. *et al.* (2021) 'Differences in factors associated with anemia in Haitian children from urban and rural areas', *PLoS ONE*, 16(4), p. e0247975. Available at: <https://doi.org/10.1371/journal.pone.0247975>.

Paul, B. *et al.* (2022) 'Socio-economic and demographic factors influencing open defecation in Haiti: a cross-sectional study', *BMC Public Health*, 22(1), p. 2156. Available at: <https://doi.org/10.1186/s12889-022-14619-2>.

Pourmotabbed, A. *et al.* (2020) 'Food insecurity and mental health: a systematic review and meta-analysis', *Public Health Nutrition*, 23(10), pp. 1778–1790. Available at: <https://doi.org/10.1017/S136898001900435X>.

Pressoir, G. *et al.* (2016) 'Les filières agricoles Haïtiennes: un marché intérieur à reconquérir', in *Une étude exhaustive et stratégique du secteur agricole/rural haïtien et des investissements publics requis pour son développement*. CIRAD: Agricultural Research for Development. Available at: <https://agritrop.cirad.fr/580386/1/ID580386.pdf>.

Ramachandran, V. and Walz, J. (2015) 'Haiti: Where Has All the Money Gone?', *Journal of Haitian Studies*, 21(1), pp. 26–65.

Reliefweb (2024) *Haiti Emergency Situation Report No. 30*. Available at: <https://reliefweb.int/report/haiti/haiti-emergency-situation-report-no-30-2-august-2024> (Accessed: 15 October 2024).

Saputra, R. *et al.* (2024) 'The impact of food insecurity on mental health: a critical review', *Journal of Public Health*, p. fdæ121. Available at: <https://doi.org/10.1093/pubmed/fdae121>.

- Schuller, M. (2016) *Humanitarian Aftershocks in Haiti*. New Jersey. Available at: <https://www.rutgersuniversitypress.org/humanitarian-aftershocks-in-haiti/9780813574233/> (Accessed: 23 September 2024).
- Schuller, M. (2017) 'Haiti's "Republic of NGOs"', *Current History*, 116(787), pp. 68–73.
- Schwartz, T. (2015) 'History of NGOs and Disaster in Haiti'.
- Scicchitano, J.S. (2019) 'International measurement of food security: Enhancing alignment between evidence and assistance programs', *Journal of Public Affairs*, 19(3), p. e1837. Available at: <https://doi.org/10.1002/pa.1837>.
- Singh, B. and Cohen, M. (2014) *Climate Change Resilience: The case of Haiti*. University of Montréal/Oxfam America.
- Smucker, G.R., White, T.A. and Bannister, M. (2000) *Land Tenure and the Adoption of Agricultural Technology in Haiti*. Washington, DC: Ag Econ Search/CGIAR/International Food Policy Research Institute.
- Steckley, M. *et al.* (2023) 'Food sovereignty for health, agriculture, nutrition, and gender equity: Radical implications for Haiti', *Development Policy Review*, 41(6), p. e12711. Available at: <https://doi.org/10.1111/dpr.12711>.
- Steckley, M. *et al.* (2024) 'A community-engaged tool for evaluating food sovereignty in Haiti and beyond', *Agroecology and Sustainable Food Systems*, 0(0), pp. 1–27. Available at: <https://doi.org/10.1080/21683565.2024.2388694>.
- Steckley, M. and Shamsie, Y. (2015) 'Manufacturing corporate landscapes: the case of agrarian displacement and food (in)security in Haiti', *Third World Quarterly*, 36(1), pp. 179–197. Available at: <https://doi.org/10.1080/01436597.2015.976042>.
- Steckley, M. and Steckley, J. (2023) 'Food Sovereignty for Food Security, Nutrition, and Climate Resilience: How Food Security Has Failed Haiti, and Why Peasants Want Food Sovereignty', in P. Gadhoke, B. Brenton, and S.H. Katz (eds) *Transformations of Global Food Systems for Climate Change Resilience*. 1st edn. Boca Raton: CRC Press, p. 19.
- Steckley, M. and Weis, T. (2017) 'Agriculture in and beyond the Haitian catastrophe', *Third World Quarterly*, 38(2), pp. 397–413. Available at: <https://doi.org/10.1080/01436597.2016.1256762>.
- Stokenberga, A. *et al.* (2023) *The Rough Road to Services and Livelihood Opportunities in Rural Haiti and the Added Impact of Natural Disasters*. The World Bank (Policy Research Working Papers). Available at: <https://doi.org/10.1596/1813-9450-10550>.
- Taylor, L. (2023) 'Haiti: 97% of households in some areas suffering from severe hunger', *The Guardian*, 18 August. Available at: <https://www.theguardian.com/global-development/2023/aug/18/haiti-hunger-crisis-mercy-corps> (Accessed: 20 September 2024).

The Earth Institute (2012) *Options for Land Tenure Dispute Management in Rural Haiti: challenges and opportunities in the Côte Sud*. Columbia University International and Public Affairs. Available at: <https://www.haiti-now.org/wp-content/uploads/2021/02/2012-options-for-land-tenure-dispute-management-in-rural-haiti.pdf?srltid=AfmBOoqnaAzodacErwaNOVfr3NyyVp8zUcbrwcneFvQav2P6d7YvnKzl>.

Thomas, K., Rosenberger, J.G. and Pawloski, L.R. (2014) 'Food Security in Bombardopolis, Haiti', *Journal of Hunger & Environmental Nutrition*, 9(2), pp. 230–243. Available at: <https://doi.org/10.1080/19320248.2014.908446>.

Trudell, J.P. *et al.* (2021) 'The impact of food insecurity on mental health in Africa: A systematic review', *Social Science & Medicine*, 278, p. 113953. Available at: <https://doi.org/10.1016/j.socscimed.2021.113953>.

UN News (2024) *Chaos across Haiti amid high risk of famine, United Nations: UN News Global perspective Human stories*. Available at: <https://news.un.org/en/story/2024/03/1147502> (Accessed: 20 September 2024).

USAID (2010) *LandLinks: Haiti, LandLinks*. Available at: <https://www.land-links.org/country-profile/haiti-2/> (Accessed: 9 October 2024).

USAID/Office of Foreign Disaster Assistance (2010) *Seed System Security Assessment Haiti*. République d'Haïti, International Center for Tropical Agriculture (CIAT), United States Internaitonal Development Agency, Catholic Relief Services, UN-FAO, ACDI, World Concern, University of East Anglia, Save the Children, World Vision, p. 102. Available at: <https://seedsystem.org/wp-content/uploads/2014/03/SSSA-Haiti-Main-Report.pdf>.

Weins, T. and Sobrado, C.E. (1998) *Haiti: The challenges of poverty reduction*. Text/HTML The World Bank Technical Papers No. 2. Washington, DC: The World Bank. Available at: <https://documents.worldbank.org/en/publication/documents-reports/documentdetail/637201468751764686/Main-report> (Accessed: 7 October 2024).

World Bank Group (2023) *A stronger agriculture sector makes food more accessible to all Haitians*, *World Bank*. Available at: <https://projects.worldbank.org/en/results/2023/04/11/a-stronger-agriculture-sector-makes-food-more-accessible-to-all-haitians> (Accessed: 20 September 2024).

World Bank Group (2024) 'GDP per capita- Haiti'. Available at: <https://data.worldbank.org/indicator/NY.GDP.PCAP.CD?locations=HT>.

Yarrington, L. (2015) 'The Paved and the Unpaved: Toward a Political Economy of Infrastructure, Mobility, and Urbanization in Haiti', *Economic anthropology*, 2(1), pp. 185–204. Available at: <https://doi.org/10.1002/sea2.12024>.